

# Devlopman pwofesyonèl anrapò ak pratik sante ak sekirite

SIBVANSYON POU ESTABILIZASYON GADRI

NEW  
YORK  
STATE

Office of Children  
and Family Services



**Child Care  
Stabilization  
Grants** Help is on  
the way

# fon yo kapab ede peye:

- Fòmasyon sou sante ak sekirite
- Fòmasyon sou Jesyon Medikaman (Medication Administration Training, MAT)
- Fòmasyon sou alèji ak anafilaksi
- CPR ak premye swen
- Konsiltan swen sante
- Espesyalis nan Konpòtman
- Espesyalis timoun piti
- Anplwaye siplemantè pou sipòte timoun ak sal klas yo



NEW  
YORK  
STATE

Office of Children  
and Family Services

## **Pwofesyonèl fòmasyon ECETP nan domèn sante ak sekirite e jesyon medikaman kapab bay:**

- Fòmasyon 15 èdtan nan sal klas sou sante ak sekirite pou anplwaye nan sant FDC, GFDC ak DCC
- Fòmasyon 15 èdtan nan sal klas sou sante ak sekirite pou direktè ki enskri selon lalwa, ak direktè SACC ak DCC yo
- Fòmasyon sou jesyon medikaman oswa MAT, kou nan salklas oswa kou sou etid endepandan

NEW  
YORK  
STATE

Office of Children  
and Family Services

**Gen depans pou fòmasyon sa yo ki kapab peye avèk fon sa yo. Asire w kenbe resi ak prèv pèman asosye avèk fòmasyon ou pran. Si fòmasyon an kouvri plizyè sesyon avèk pri diferan, asire w ou jwenn epi konsève enfòmasyon pou tout sesyon yo.**

The logo for New York State, featuring a white outline of the state's map on a dark purple background. The words "NEW YORK STATE" are written in white, bold, uppercase letters to the right of the map outline.

**NEW  
YORK  
STATE**

**Office of Children  
and Family Services**

**Nan ae 2019, yo te adopte lwa Elijah, pou mande tout pwogram gadri nan New York swiv prensip pou evite epi reponn a anafilaksi anrapò ak alèji avèk manje.**



**Alèji avèk manje se pi gwo rezon ki lakoz anafilaksi andeyò de anviwònman lopital. Lòt bagay ki lakoz anafilaksi gen ladan alèji lè yon ti bèt mòde yon moun, chen, chat, medikaman ak latèks.**

NEW YORK  
STATE

Office of Children  
and Family Services



**Timoun ki fè alèji kapab genyen sentom fèb ak sentom grav ki kapab lakoz rapidman yon anafilaksi ki bay plizyè sentom alèji. Yo dwe trete li touswit pou l ka pi byen amelyore pou evite konplikasyon grav, konplikasyon ki kapab mòtèl.**

**NEW  
YORK  
STATE**

**Office of Children  
and Family Services**

**Sibvansyon nan kategori sa a kapab ede peye pou evite ak reponn a fòmasyon sou anafilaksi alèji manje lakoz.**

**OCFS ap kreye yon fòmasyon tou kout k ap disponib gratis. Aktyèlman gen pwogram ki peyan ou kapab chwazi patisipe ladan (Belay, Red Cross, Code Ana). Fòmasyon sa yo kapab ede ou devlope plan pwogram ou an epi fòme anplwaye yo selon plan sa jiska dat limit lan ki se 15 septanm 2021 ann amoni avèk politik sou anafilaksi ki te pibliye an Desanm 2020 an.**

**NEW YORK STATE**

**Office of Children and Family Services**

**Yo itilize CPR ak premye toulede nan sitiyasyon ijans pou sove vi.**

**Tout pwogram oblije selon lalwa gen omwen yon anplwaye ki sètifye nan CPR ak premye swen – Poukisa ou pa itilize fon sa yo pou fòmè plis moun oswa tout anplwaye ou yo? Fòmasyon ak kapasite sa a enpòtan pou sove vi moun e yo se bonjan karakteristik anplis pou pataje avèk fanmi annapre yo.**

**NEW  
YORK  
STATE**

**Office of Children  
and Family Services**



**Kategori sa a kapab peye pou nenpòt depans anrapò ak fòmasyon sou CPR ak Premye Swen. Pa bliye sa, menm jan ak fòmasyon sous ante ak sekirite ak MAT, asire w konsève resi ak prèv pèman anrapò ak nenpòt fòmasyon ou pran. Si fòmasyon an kouvri plizyè sesyon avèk pri diferan, asire w ou jwenn epi konsève enfòmasyon pou tout sesyon yo.**

**NEW  
YORK  
STATE**

**Office of Children  
and Family Services**

# Lòt fòmasyon sou devlopman pwofesyonèl nan domèn sante ak sekirite kapab gen ladan, men se pa sa sèlman:

- Prevansyon ak kontwòl maladi transmisib
- Prevansyon sendwom lamò sibit lakay timoun ak itilizasyon pratik dòmi an sekirite
- Bati ak sekirite lokal lokal yo
- Prevansyon sendwom timoun k ap sekwe ak twomatism abizif nan tèt
- Idantifikasyon ak prevansyon abi ak move tretman sou timoun

NEW  
YORK  
STATE

Office of Children  
and Family Services

# Lòt fòmasyon sou devlopman pwofesyonèl nan domèn sante ak sekirite kapab gen ladan, men se pa sèlman:

- Planifikasyon pou aji lè gen yon ijans akòz yon katastwòf natirèl oswa yon sitiyasyon moun lakoz
- Jere ak estoke materyèl danjere ak pwodui byokontaminan jetab yo
- Prekosyon apwopriye lè y ap transpòte timoun yo
- Rekonèt epi rapòte abi ak neglijan sou timoun
- Sekirite alimantè, sa gen ladan preparasyon ak estokaj manje
- Fòmasyon sou kijan pou amelyore aktivite fizik timoun yo, tankou SPAN (State Physical Activity and Nutrition)

**Fòmatedè ekspè SPAN yo bay fòmasyon ak asistans teknik sou pi bon pratik aktivite fizik ak nitrasyon dirèkteman nan pwogram gadri yo.**

**Pou plis enfòmasyon, kontakte yo nan:**

**[SPANearlycare@health.ny.gov](mailto:SPANearlycare@health.ny.gov)**

**518-408-5142**



**Office of Children  
and Family Services**

**NEW  
YORK  
STATE**

**Ou PA oblije soumèt resi oswa fakti oswa jwenn yon apwobasyon preyalab pou atik yo nan men OCFS pou w ka jwenn lajan sibvansyon ou an, men ou dwe dokimante jan ou depanse li. W ap bezwen kenbe dosye sou papye oswa dosye elektwonik sa yo 5 lane pou pi piti.**

The logo for New York State, featuring a white outline of the state's map on a dark purple background. The text "NEW YORK STATE" is written in white, bold, capital letters to the right of the map.

**NEW  
YORK  
STATE**

**Office of Children  
and Family Services**

**Dokimante kijan ou depanse lajan sibvansyon w lan pou w ka montre ou te sèvi avè l pou amelyore pwogram ou an oswa pou ede w redemare aprè l jans Sante Piblik COVID-19 la.**

**NEW  
YORK  
STATE**

**Office of Children  
and Family Services**

## Resous Ki kapab Ede:

- Regilatè
- Ajans lokal pou Resous ak Referans Gadri (CCR&R)
- Ajans enskripsyon
- Reprezantan sendika
- WHEDco
- Pwogram Edikasyon ak fòmasyon pou timoun piti (ECETP)
- Konsiltan swen sante
- Lwa Elijah
- Belay
- Code Ana
- Kwa wouj amerikèn  
(American Heart Association)
- Pwogram Aktivite Fizik ak Nitrisyon Leta (SPAN)

Office of Children  
and Family Services

Gade sit entènèt Sant Èd Estabilizasyon an pou jwenn plis enfòmasyon, mizajou, videyo ak èd biwo nan chak kategori ki nan 8 kategori sibvansyon yo.

<https://ocfs.ny.gov/childcare-stabilization/>

The logo for New York State, featuring a white outline of the state's map on a dark purple background. The text "NEW YORK STATE" is written in white, bold, uppercase letters to the right of the map outline.

NEW  
YORK  
STATE

Office of Children  
and Family Services